# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बजट सत्र के दौरान आजु विधान परिषद के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि दुइ हजार पचीस क प्रयागराज महाकुंभ पूरा दुनिया में एगो नया हिन्दू विमर्श पैदा कइ दिहले हवे। मुख्यमंत्री बतवलें कि यूनेस्को क निदेसक कहलें हवें कि कुंभ मेला प्राकृतिक अउर सांस्कृतिक धरोहर के रूप में दुनिया के एगो नया दृष्टि दे रहल हवे। मुख्यमंत्री आयोजन के सफल बनवले में प्रयागराज के सथहीं अजोध्या धाम अउरी कासी धाम से जुड़ल नागरिकन क अभिनंदनों कइलें।

***तेरह जनवरी से लेकर के सत्ताईस अट्ठाइस फरवरी तक कुल पैंतालिस पचास दिनों तक पूरी काशी पूरी तरह पैक थी। पांच लाख से लेकर के पचीस लाख तक श्रद्धालु प्रतिदिन वहां दर्शन करता था। काशी के लोगों का धैर्य वास्तव में अभिनंदन का पात्र है जिन्होंने धैर्य के साथ आतिथ्य सत्कार का एक नया उदाहरण प्रस्तुत किया। अयोध्या में यही दृश्य था। पांच लाख से लेकर पंद्रह लाख श्रद्धालु प्रतिदिन अयोध्या धाम में देखने को मिला। वहां के नागरिकों ने भी वहां के संतों ने भी अपनी सुविधा की परवाह नहीं की। मैं इस अवसर पर प्रयागराज के साथ साथ अयोध्या धाम और काशी धाम से जुड़े हुए अपने सभी वहां के नागरिकों का भी हार्दिक अभिनंदन करता हूं।***

**********

प्रयागराज महाकुंभ समाप्त भइले के बाद अजोध्यो में स्थिति सामान्य हो गइल बाटे। महाकुंभ के समय ओइजो अप्रत्यासित भीड़ि क जुटान भइल रहे। अजोध्या क कमिश्नर गौरव दयाल बतवलें कि रोजे भिन्नही साढ़े छौ बजे से रात साढ़े नौ बजे ले श्रीराम लला के दरसन हो रहल बाटे। तीर्थ क्षेत्र में सुरक्षा व्यवस्थो बेहतर बाटे।

***अब तो सामान्य व्यवस्था हो गई है और जो पहले जितना फुटफाल था उतना फुटफाल है इस समय श्रद्धालुओं का। कुंभ के दौरान तो अप्रत्याशित संख्या में यहां पर आए थे श्रद्धालु तो उसके हिसाब से टाइमिंग्स को भी मॉडिफाई किया गया था मंदिर में दर्शन का। आज की तिथि में ऐसी कोई समस्या नहीं है। सामान्य रूप से सबका आगमन और सबका यहां से जाना जारी है इस समय। तो कहीं कोई समस्या नहीं है और सभी चीजें नियंत्रण में हैं।***

**********

श्री पंचायती महानिर्वाणी अखाड़ों के नागा साधु लोगि बनारस में आजु से पंचकोसी पैकरमा सुरू कइ दिहलें हउवें। मणिकर्णिका घाट पर संकल्प लेके अउर बाबा विश्वनाथ के दरसन कइले के बाद करीब तीनि सौ नागा साधु पैकरमा बदे निकरि गइलें। ई सज्जों लोगि पांच पड़ाव के पांच दिन में करीब पचहत्तर किलोमीटर चलि के पूरा करिहें। अखाड़ा क थानापति विवेक भारती बतवलें कि अखाड़ा से संकल्प लेके नागा साधु नाइ से निकरल हवे। प्रयागराज महाकुंभ के बादे बनारस आइल नागा साधु लोगि होली ले ओइजा रहिहे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर पहुंचलें। ऊ बिहने गोरखपुर के योगिराज बाबा गंभीरनाथ प्रेक्षागृह में गोरखपुर अउर बस्ती मंडल के एक जनपद एक उत्पाद–ओडीओपी के दुइ हजार एक सौ लाभार्थियन के टूल किट बटिहें सथहीं ऊ मुख्यमंत्री युवा योजना के कुछु लाभार्थियन के बिना सूदि वाला ऋण क चेकओ दिहे।

**********

नई दिल्ली में आजु आकाशवाणी के रंग भवन सभागार में हास्य कवि सम्मेलन रंग बरसे क आकाशवाणी क महानिदेशक डॉ. प्रज्ञा पालीवाल गौड़ उद्घाटन कइलिनि। कवि सम्मेलन में सुरेंद्र शर्मा अउर संतोष आनंद के सथहीं कई गो जानल मानल कवि लोग काव्य पाठ कइलें।

**********

होली के तिउहार के देखत मिरजापुर रेलवे स्टेसन पर तीनि गो विसेस रेलगाड़ियन क ठहराव होई। उत्तर मध्य रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी रागिनी सिंह आजु बतवलीन कि नई दिल्ली–गया सुपरफास्ट रेलगाड़ी, आनंद बिहार टर्मिनल–राजगीर एक्सप्रेस अउर नई दिल्ली सहरसा एक्सप्रेस क ठहराव निर्धारित तीथियन पर मिरजापुर रेलवे स्टेसनो पर होई।

**********

आकाशवाणी वाराणसी के महमूरगंज स्थित सभागार में लेखा परीक्षा पैरा निगरानी प्रणाली पर कार्यशाला अउर आकाशवाणी दूरदर्शन के वाराणसी क्लस्टर कै समीक्षा बइठकी काल्हि से सुरू भइल जवन सात मार्च ले चलि। कार्यशाला के आजु प्रसार भारती क अपर महानिदेशक बजट अउर अकाउंट्स अनिल श्रीवास्तव , आकाशवाणी अउर दूरदर्शन वाराणसी क कार्यक्रम प्रमुख राजेश कुमार गौतम आ वाराणसी कलस्टर प्रमुख स्वतंत्र सिंह सम्बोधित कइलें। येह में आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के वाराणसी क्लस्टर के तहत आवे वाले कई गो केन्द्र क वरिष्ठ पदाधिकारी हिस्सा ले रहल हवे।

**********

चित्रकूट जिला में आजु भिन्नहिये एगो पिकअप गाड़ी अउर अज्ञात भारी वाहन के टक्कर में चारि जने क मउति हो गइल जबकि करीब एक दरजन लोगि घाही हो गइले। ई हादसा ओह समय भइल जब मजूरहन से भरल पिकअप गाड़ी कोतवाली करवी थानाक्षेत्र में भागापुल के लग्गे भारी वाहन से साइड से टकरा के पलट गइल। एहसे पिकअप सवार सज्जो लोग गिर गइलें। ई सज्जो लोगि प्रयागराज से लौटत रहलें।

**********